**Министрлик Мәлимлеме хызмети тәрепинен әмелге асырылған жумыслар бойынша мағлыўмат**

***(январь-октябрь ҳалатына)***

Мәлимлеме хызмети тәрепинен май айының 15-сәнесинде жәмийетшилик пенен байланысларды буннан былай да күшейтиў мақсетинде Министрликтиң телеграм тармағындағы **«@Qr_bantlik»** ҳәм инстаграм тармағындағы **«qr_bantlik»** рәсмий каналлары ашылды ҳәм онда өткен дәўирде Министрлик жумысын кең сәўлелендириўге арналған кең түрдеги материаллар жәрияланып барылды.

Бүгинги күнде ондағы ағзалар саны «Telegram» – **6600**, «Instagram» **- 5264** ти қурамақта. Июль айынан **«facebook»** ҳәм **«Twitter»** тармақларындағы бетлери де иске қосылып, әйне пайытта каналларға жәмийетшилик ушын әҳмийетли материалларды жайластырыў арқалы ондағы ағзалар санын еле де көбейтиў илажлары алып барылмақта.

Атап айтқанда, усы күнге шекем Мәлимлеме хызмети тәрепинен медианың ҳәр қыйлы усылларында жәми **1900 ден аслам** материаллар жәрияланды.

Соннан, Мәлимлеме хызметиниң шөлкемлестириўинде теле-радиоканалларда («Өзбекстан 24» – 3, «Ёшлар» – 5, «Севимли» – 3, ҚТВ – 73, «Жаслар» - 39, «Нукус ФМ» – 11.) **134 видеоматериал**лар жәрияланды.

Баспасөзде («Халқ сўзи» – 3, «Еркин Қарарқалпақстан» – 5, «Пайтахт» - 8 ҳәм районлық газеталарда – 33) **49 мақала**, Өзбекстан миллий мәлимлеме агентлиги (uza.uz) арқалы **10 материал** өз сәўлелениўин тапты.

Мәлимлеме хызметиниң өз дөретиўшилиги шеңберинде Министрликтиң жумысын сәўлелендириўде **39 видеоөним**, **53 инфографика** ҳәм **1500 ден аслам** электрон (фото-текст) материаллар жәрияланды.

Бул материаллар өз ишине, Мәлимлеме хызметиниң режесине бола шөлкемлестирилген **«Ең көп халықтың бәнтлигин тәмийинлеген исбилерменлер онлығы», «Мәҳәлле беслиги», «Күнлик мағлыўмат»** ҳәм «Жаслар тв» телеканалы менен биргеликтеги **«Мениң мәҳәллем»** жойбарларын, Министрлик аппараты бөлим баслықлары менен бирге Нөкис қаласы ҳәм районлық бөлим баслықлары қатнасындағы брифинглер, кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарындағы ҳәр қыйлы илажлар, сондай-ақ, Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланған Медиа-режеде белгиленген ўазыйпалар ҳәм күнделикли жәрияланып барылатуғын мәлимлемелерди қамтып алады.

Мәлимлеме хызметиниң жумысын буннан былай да жетилистириўде әйне пайытта техникалық базаны беккемлеў мақсетинде **Canon R6** маркалы фотоаппарат комплектин сатып алыў, сондай-ақ, Министрликтиң жаңаланған **рәсмий веб-сайты**н жаратыў жумыслары алып барылмақта.

Өткен дәўирде интернет жәҳән мәлимлеме тармағындағы веб-сайлар ҳәм социаллық тармақлар арқалы Министрлик жумысына байланыслы жәми 12 сын материаллар жәрияланды ҳәм оларға өз мүддетинде жуўаплар қайтарылды.

Материаллар силтемеси:

1. https://t.me/QR_bantlik/267
2. https://t.me/QR_bantlik/302
3. https://t.me/QR_bantlik/304
4. https://t.me/QR_bantlik/338
5. https://t.me/QR_bantlik/689
6. https://t.me/QR_bantlik/1311
7. https://t.me/QR_bantlik/1353
8. https://t.me/QR_bantlik/1524
9. https://t.me/QR_bantlik/1742
10. https://t.me/QR_bantlik/1869
11. https://t.me/QR_bantlik/1898
12. https://t.me/QR_bantlik/1911

**Мәлимлеме хызметиниң баслығы** **Ч.Елмуратов**